

RIWAYAT HIRUP



Wasta pun Eggy Aditiar, nénéhna Eggy. Sim kuring putra kadua, boga lanceuk lalaki ngaranna Wendri Galih Bahtiar. Urang duaan mangrupa buah katresna ti pun biang Entin Kantini sareng pun bapa Karnen Haryadi. Lahir di Ciamis, tanggal 18 april 1994. Padumukan di Dusun Linggaharja, RT/04 RW/02, Desa Mekarsari, Kecamatan Tambaksari, Kabupaten Ciamis.

Mimiti nyuprih élmu di sakola formal nya éta di TK Linggasari taun 1999. Tuluy asup SD taun 2000 di SDN 1 Mekarsari, Sanggeus lulus SD nuluykeun sakola ka SMPN 1 Tambaksari nepi ka taun 2009. Di SMP sim kuring kaamanahan jadi ketua osis periode 2007-2008. Sanggeus lulus SMP, nuluykeun deui sakola ka SMAN 1 Ciamis. Di SMA aktif di ekstrakurikuler basket, kungsi ngiluan sababaraha kali kejuaraan.

Lulus SMA taun 2012, lalampahan nyuprih élmu teh dituluykeun di Departemen Pendidikan Bahasa Daerah. Asup ka jurusan basa Sunda téh ngaliwatan jalur ujian mandiri. Salian ti kuliah, sim kuring ogé ilubiung dina kagiatan BEM Hima Pensatrada, di antarana kungsi jadi pupuhu calagara Mitra Sunda 2014 jeung ketua bidang tilu (karaharjaan).